Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 24 (9818) /20 июнь 2019 с. / Хамиз 16 Шавваль 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




***День молодежи –праздник молодых граждан России. Особое значение он имеет для школьников и студентов.***

***История торжества уходит корнями во времена СССР. Указом Президиума Верховного Совета СССР «Об установлении Дня советской молодежи» от 7 февраля 1958 года День молодежи стал официальным праздником. Он приходился на последнее воскресенье июня.***

***После распада СССР, по инициативе Государственного комитета РФ по делам молодежи и Национального Совета молодежных и детских объединений России, Президент РФ Б.Н.Ельцин издал распоряжение №459-РП от 24 июня 1993 года «О праздновании Дня молодежи». Документ утвердил датой празднования 27 июня.***

Молодость – это здоровый оптимизм и любовь. Это вера в будущее, это сила, отвага и бесшабашность! Это огромный потенциал, который может многое изменить.

Желаем нашей молодежи найти себя, ставить перед собой конкретные цели и добиваться их. Пусть жизнь нашей молодежи будет яркой, веселой, полной событий и приключений. Пусть наша молодежь не забывает, что из их судеб пишется история родного края, и от них зависит будущее развитие.

С днем молодежи!

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев*
*Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов*

## Уважаемая молодежь района! Поздравляю с Днем молодежи России!

Желаю никогда не терять юношеский вкус жизни. Быть активными, целеустремленными и верящими в успех. Стремитесь к своим мечтам, наслаждайтесь общением, эмоциями и новыми чувствами.

*Депутат НС РД М.-п.(К.-п.) Д.Умаханов*

Молодежь –замечательный ресурс России. Талантливые, энергичные, образованные, с амбициями и планами! Молодежь – это те, у кого еще многое впереди. Это достойная смена старшему поколению. Это люди, за которыми будущее нашей страны.

С днем молодежи!

*Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия» Д.Г.Махачев*

## Х1урматиял районалъул г1олилал!

Рак1-рак1алъ баркула нужеда Россиялъул г1олилазул Къо. Биччан те нужер г1олохъанлъи киданиги лъугьунгут1изе. Г1олил ригьалъул гвангъарал сонал нужер рук1аги анищазул ц1уралльун ва гьел т1уралеллъун. Бук1аги нужер г1олил ригь талих1аблъун, пайда ц1ик1к1араблъун ва нуж мурадазде щолеблъун.

*Жамг1ияб палатаялъул председатель Х1.А.Адимирзаев.*

*Ригь аразул Советалъул председатель М.Г1.Чупалаев.*

*Рагъулгун зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Х.Г1.Мух1амадх1абибов.*

# Распоряжение №228

*от 18.06.2019г.*

***Во исполнение Указа Главы Республики Дагестан от 30 апреля 2019 года № 40 «О праздновании в Республике Дагестан 20-летия разгрома международных террористов, вторгшихся в 1999 году в Дагестан»:***

Образовать организационный комитет по подготовке и проведению празднования 20-летия разгрома международных террористов, вторгшихся 1999 году в Дагестан и утвердить его состав согласно приложению.

Организационному комитету разработать и утвердить план мероприятий по подготовке и проведению празднования 20-летия разгрома международных террористов, вторгшихся в 1999 году в Дагестан.

Рекомендовать администрациям поселений, организациям и учреждениям муниципального района принять участие в подготовке и проведении мероприятий, посвященных 20-летию разгрома международных террористов, вторгшихся в 1999 году в Дагестан.

*И.И.Шабазов, и.о.главы МР «Казбековский район»*

## Состав
### организационного комитета по подготовке и проведению празднования 20-летия разгрома международных террористов, вторгшихся в 1999 году в Дагестан в МР «Казбековский район»

**Мусаев Г.Г.** - глава МР **«Казбековский район»,** председатель оргкомитета;
**Салимханов И.Б.** - заместитель главы администрации МР по вопросам общественной безопасности (зам. председателя оргкомитета);
**Гирисханов Г.М.**- председатель Собрания депутатов МР **«Казбековский район»;**
**Шабазов И.И.** - заместитель главы администрации МР;
**Эмеев З.Н.** - заместитель главы администрации МР;
**Базаев А.П.** - руководитель аппарата администрации МР;
**Халидов А.Г.** - начальник ОМВД России по Казбековскому району;
**Магомаев М.И.** - начальник Управления образования;
**М-хабибов Х.И.**- председатель районного Совета ветеранов войны, труда и правоохранительных органов;
**Булатханов И. А.** - начальник отдела по ФК, спорту, туризму и делам молодежи;
**Ибрагимов А.К.** - директор МКУ **«Управление культуры»;**
**Айтемирова П.С.** - председатель Совета женщин района;
**Адимирзаев Г. А.** - председатель Общественной палаты;
**Магомедов А.Б.** - военный комиссар по Казбековскому и Гумбетовскому районам;
**Гаджиев Р.А.** - руководитель финансового управления;
**Чупалаев М.А.** - руководитель ЕИЦ;
**Азаев М.М.** - руководитель районного штаба ополченцев в 1999 году;
**Качалаева Н.В.** - руководитель пресс-службы;
**Окмазов М.Д.** - директор АХЦ;
**Карамирзаев М.И.**- главный врач ГБУ **«Казбековская ЦРБ»;**
**Магомедов И.М.**- глава сельского поселения **«село Дылым»;**
**Батилгереев М.З.**- глава сельского поселения **«село Ленинаул»;**
**Гаджиев Г.С.** - глава сельского поселения **«село Калининаул»;**
**Салгереев М.И.** - глава сельского поселения **«село Алмак»;**
**Салманов А.М**. - глава сельского поселения **«село Буртунай»;**
**Чалухов З.С.** - глава сельского поселения **«село Гертма»;**
**Ильясов И.З.** - глава сельского поселения **«село Гуни»;**
**Беркиханов Б.М**. - глава сельского поселения **«сельсовет Хубарский»;**
**Шепиханов А.И**. - глава сельского поселения **«село Инчха»;**
**Абакаров А.Г.** - глава сельского поселения **«село Гостала»;**
**Алисултанов М.А.** - глава сельского поселения **«сельсовет Артлухский»;**
**Абакаров А.К.** - глава ПГТ **«поселок Дубки».**

## Х1урматиял газета ц1алулел!

Унеб буго 2019 соналъул к1иабилеб бащдаб лъаг1алие **«Чапар»** газета хъваялъул кампания. Ниж рохаралги ч1ух1аралги руго нуж нилъер газета хъвалеллъун ва ц1алулеллъун рук1иналдаса. Нужеца нижехъе рач1унел кагътал ц1алулаго, нужер ишал нухда унел гьеч1они, нижер рак1азулъе пашманлъи, рах1атхвей рещт1уна, гьез лъик1ал х1асилал нужее кьолел ругони, ниж рохула.

Нужер лъик1ал макъалаби, куч1дул ва цогидалги материалал, архивалда гурелги, нижеца ц1унула рак1азулъги, т1ад-т1адруссун, ц1алула ва ккаралъур нижеца гьезулъа цо-цо рехсеял, х1ужаби ва гь.ц. х1алт1изарула, гьединго, х1аракат бахъула нужер бадич1ваял ва гьариял х1исабалде росизе. Нуж гьеч1они, нижер х1алт1и цебехунги унаро.

Г1акълучилъун гуребги, **«Чапар»** ккола цогидазе сайгъат гьабизе бегьулеблъунги. Ц1алдезе бокьулел г1ага-г1унт1аразе, рес рекъеч1езе хъвани, гьеб ккола, нужер рахъалдасан, гьезие гьабураб лъик1аб сайгъатлъун.

Кида газеталъул гьурмазде ралагьаниги, нужеда гьенир ратизе руго рак1ал т1аде ц1алел макъалабиги х1ажатаб информацияги. Гьединго, гьенир нужеда ратила лъималазе, г1олилазе ва ригь аразе малъа-хъваял, абиял, абундачал ва тарихиял баянал.

**«Чапар»** хъвани, нуж лъугьина нижер гьит1инаб коллективалъул божарал гьудулзабилъун. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.

**Багьа-286 гъурущ.**

*Х1урматгун редколлегия.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# Медицинаялъул х1алт1ухъанасул Къо к1одо гъабуна




Щибаб санайил, июналъул лъабабилеб г1одобкъоялъ, Россиялда к1одо гъабула медициналъул х1алт1ухъанасул Къо.

12 июналда районалъул культураялъул Централда т1обит1ана гьеб къо к1одо гьабиялъул данделъи.

Гьенире г1ахьаллъана районалъул медицинаялъул г1уц1абазда х1алт1улел, райадминистрациялъул жавабиял х1алт1ухъаби ва цогидалги.

Гьеб рохалилаб тадбиралда к1алъазе вахъарав **«Казбек район»** муниципалияб г1уц1иялъул бет1ер Х1.Х1.Мусаевас данделъаразда баркана профессионалияб байрам, гьарана гьезие щулияб сахлъи, рохел ва х1алт1улъ ч1ах1иял бергьенлъаби.



Гьенив к1алъарав ЦРБялъул бет1ерав тохтур М. Хъарамирзаевас, баркиялъул раг1абаздаса хадуб, абуна: **«Гьарула нужее г1одоре риччарал дежурстваби, дандч1вагеги нужеда зах1малъаби ва бук1аги нужер х1алт1и рохел кьолеблъун. Кидаго рук1а Гиппократил гьаялъе рит1ухъаллъун ва тохтурасул ц1аралъе мустах1икъаллъун»**,-ан.

К1алъазе вахъана районалъул депутататазул Собраниялъул председатель Гъ.Гъирисхановги. Данделъаразул рак1азе к1удияб асар гьабуна г1емерсоназул х1албихьи бугел, районалъул медициналъул ветеранал: Ичк1а росдал ФАПалъул фельдшер Мух1амад Г1абдулаевасул ва централияб больницаялъул акушерка Мариям Меджидовалъул к1алъаязги.




Г1емерсоназулаб ва рак1 бац1ц1адаб х1алт1ухъ, Казбек районалъул администрациялъул, депутатазул Собраниялъул, ЦРБялъул ва Дагъистаналъул сахлъиц1униялъул министерствоялъул рахъаздасан Х1урматалъул грамотабаздалъун ва г1арцулал шапакъатаздалъун к1одо гьаруна х1алт1улъ лъик1ал х1асилал рихьизарурал медицинаялъул х1алт1ухъаби.

Данделъиялъул г1ахьалчаг1азе сайгъат гьабураб концерталъулаб программмагун цере рахъана культураялъул х1алт1ухъаби.

*Асият Дибирова.*

# Дубки поселокалъул больницаялъе - 50 сон!




I5 июналда Дубки поселокалда тIобитIана бакIалъул больницаялъе 50 сон тIубаялда хурхараб тадбир. Гьенире гIахьаллъана – районалъул бетIерасул ишал тIуралев И. И. Шабазов, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ. М. Гъирисханов, прокурор М. М. Халилов, райбольницаялъул бетIерав тохтур М.И. Хъарамирзаев, РУСГИДРО г1уц1иялъул Дагъистаналда бугеб филиалалъул бетIерав инженер-Ш.Н.Мутаев, ЧIикIаб росдал участковияб больницаялъул бетIерав тохтур М.Д. Шапагиев, Шамильхъала поселокалъул больницаялъул бетIерав тохтур Ц. М.Цевехъанов, районалъул Собраниялъул депутат-М-з. С. Юнусов ва гьалбал.

Гьеб данделъиялда баркиялъул кIалъаял гьаруна - И. И.Шабазовас, Гъ. М. Гъирисхановас, Ш. Н. Насибовас, М. И. Хъирамирзаевас, М. М. Халиловас, Ш. Н. Мутаевас, М.Д.Шапагиевас, Ц. М. Цевехъановас, А-к.Абакаровас (Дубки поселокалъул бетIер), У.ХI. ПIалиевас (поселокалъул депутатазул Собраниялъул председатель), М-з. С. Юнусовас, М-з. И.Гереевас (Социалистическияб ЗахIматалъул БахIарчи), З.И. Барсуковалъ, С.Р.Къебедовалъ, Д.С.Мусаевалъ (поселокалъул лъайгун тарбия кьеялъул гIуцIабазе нухмалъулел).

Поселокалъул больницаялда гIемерал, соназ, ракIбацIцIадго, хIалтIарал ветеранал ва жакъа хIалтIулел ругел гьенир кIодо гьаруна районалъул, поселокалъул администрациябазул, районалъул больницаялъул ХIурматалъул грамотабаздалъун ва гIарцулал шапакъатаздалъун.

Данделъиялъул гIахьалчагIазда концерталъулаб программагун цере рахъана Дагъистаналъул филармониялъул машгъурал артистал.

*И. ИДРИСОВ.*

# Он себя героем не считает

Наша жизнь полна досадных неприятностей и чудесных спасений. Особое восхищение вызывают истории, героями которых являются дети.

Маленькие человечки, не задумываясь о собственной жизни, бросаются спасать тонущих, кидаются в горящие дома, встают на пути преступников.

Есть такие герои и на салатавской земле. Отрадно, что одним именем эта летопись стала длиннее.



Друзья Умар Шавхалбиев и Муслим Далгатов из Ленинаула вышли вечером за мороженым, но детские забавы вынесли их на край опасного обрыва. Мгновенье, и маленький Умар сорвался вниз с высоты около 70 метров. Но Муслим не растерялся и бросился спасать



друга. Тоже сорвался, пока падал, сломал руку, получил множественные ссадины.

Нашел Умара в реке, тот был без сознания, лицо мальчика было в крови. Маленький, худенький Муслим вытащил друга на берег, умолял не закрывать глаза. Он тащил его своей сломанной рукой вдоль берега до тех пор, пока не нашел ступенчатую тропинку. Самым сложным был подъем верх по тропе. Трасса была близко.



Обессилевший Муслим оставил потерявшего очередной раз сознание Умара на тропе и вышел на дорогу. Машины не останавливались, проезжали мимо. Справедливости ради, обочина дороги в темноте слабо вероятный объект внимания спешащих по домам водителей.



Но не участкового уполномоченного ОМВД района. Для Насима Магомедханова, участкового с. Ленинаул, вечерние поездки по трассе – это часть работы. Правда, он тоже сначала проехал мимо, но профессионалу хватило пары секунд, чтобы оценить ситуацию.

Он вернулся туда, где его взгляд упал на странного пацана. Быстро осмотрев мальчика, Насим понял, что нужна срочная медицинская помощь. Но его опешили слова Муслима о том, что там, на тропинке, остался его друг Умар.

Насим бросился за Умаром, тот едва был в сознании. Он посадил мальчиков в машину, по дороге заехал за бабушкой одного из них, и они поехали в районную больницу.

Степень тяжести полученных увечий была такова, что оказав первую помощь, их направили в г. Хасавюрт.

По словам Насима, специалисты МВД РД, которые прибыли на осмотр места происшествия, нашли там множественные отпечатки босых ног мальчиков, обнаружили кровь.

Осмотр местности, анализ действий мальчиков, степень полученных травм позволяют говорить об их мужественном поведении и геройском поступке Муслима Далгатова.

Но Муслим себя героем не считает, говорит, что в голове в те страшные минуты была только одна мысль – не бросить друга в беде. И не бросил, даже за помощью не побежал, сам вытащил Умара из воды и почти дотащил до трассы.

Родные и близкие мальчиков выражают слова искренней благодарности участковому инспектору Насиму Магомедханову, который с честью выполнил не только служебный долг, но и проявил самые лучшие человеческие качества.

*Нурият Салатгереева, с.Дылым.*

*Депутатасул ишал*

# Иргадулаб кумек...



**«Цогояб Россия»** партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул секретарь,РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Т1.ХI.МахIачевасул цIаралда хъвараб кагътида Ленинаул росдал **«Чебурашка»** лъималазул ахалъе нухмалъулей Пари Алтумирзаевалъ гьесда гьарулеб букIана ахалда сверун бугеб чали цIигьабиялъе кумек гьабеян.

Советияб заманалдаго гьениб гьабураб чали букIана цIакъго басралъун ва лъималазул хIинкъигьечIолъи цIуниялъе пайда дагьаблъун.

Гьеб хIисабалдеги босун ва жиндирго харжалдалъун, Т1. МахIачевас кумек гьабуна, 35 м. манзилалда, гьениб маххул чали чIезабизе. Гьелъ рес кьуна лъималазул хIинкъигьечIолъи букIинабиялъул суал бетIералде бахъинабизе.

Гьабураб кумекалъухъ лъималазул ахалъул тIолабго коллективалъ ТIалхIатие ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна.

*С. Алтумирзаев, Ленинаул росу.*

# Районалъул администрациялда

18 июналда райадминистрациялда тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъана- администрациялъул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул. Гьениб, Т1олгороссиялъул физкультураялъулгун спорталъул комплекс (ГТО) тIубаялъул каранда ралел *«меседил»* гIаламатал кьуна районалъул школаздаса 20 цIалдохъанасе.

Гьединго, ТIолгороссиялъул **«Мисалияб лъималазул ах»** смотр- конкурсалъул лауреатлъун бахьараб Дубки поселокалъул **«Ромашка»** лъималазул ахалъе кьуна диплом.

Данделъиялда гIахьаллъарав ООО **«Каспий»** агентствоялъул директор И.А. Абакаровас гьениб бицана жидер гIуцIиялъ бюджеталъул организациябазегун учреждениябазе гьарулел информационниял хъулухъазул.

*И.ИДРИСОВ.*

# Къ о къ г о

14 июналда Мах1ачхъалаялда т1обит1ана жалго-жидедаго ч1арал предпринимателазул рахъкквеялда ва гьезул ишал церет1езариялда хурхараб данделъи. РФялъул Х1укуматалъул председателасул т1оцевесев заместитель Антон Силуановас гьениб гара-ч1вари гьабуна нилъер предпринимателалгун. Гьеб гара-ч1вариялда бицен ккана предпринимателазда дандч1валел зах1малъабазул ва гьел т1аг1инариялда сверухъ гьаризесел х1алт1абазул.

---

16 июналда Дагъистаналъул Х1укуматалъул председатель Артём Здунов щвана Дубкиялъул туристал г1емер щолел бак1азда бугеб ах1вал-х1алалъул хал гьабизе.

Гьесда цадахъ рук1ана- РДялъул туризмалъулгун халкъиял промыслабазул Министр Расул Ибрагьимов ва нилъер районалъул бет1ер Х1.Х1.Мусаев.

---

Мах1ачхъалаялъул мэр Салман Дадаев лъугьана нилъер регионалъул доноразул мухъилъе. Би кьеялъул станциялда гьес абуна: **«Нилъер щивасда к1ола, би кьеялдалъун,лъил бук1аниги г1умру хвасар гьабизе. Бокьилаан, ч1еч1ого би х1ажатав,цо ккурав чиясе дирго би кьезе»**,-ян.

---

Т1олгороссиялда т1обит1араб **«Г1олилазул проектал»** конкурсалъул грантал щвана 22 дагъистаниясе.

# Даим кумекалъе хIадурав



РакIчIун абизе кIола, Северияб Кавказалдаго, **«Хъиргъу»** дармил Рукъ лъаларев чи ватиларин. Гьеб рукъ дармил тIубараб империялъун лъугьанин абуниги мекъи ккеларо.

Гьеб рукъалъе кьучI лъуна Буртунай росулъа Даитов СагIидбег Пузайриевичас. Гьев гьавуна 1948 соналъ. Гьес лъугIизабуна росдал магIишаталъул техникум ва захIматалъул нухде т1оцебесеб гали лъуна г1агараб росулъ. Гьелдаса хадув СагIидбег хIалтIана Хасавюрталда рукIарал батIи-батIиял промышленниял предприятиябазда.

Х1алт1и гIуцIиялъе унго-унгояб пагьму, жигар ва бажари жиндилъ букIин гьес бихьизабуна дармил ишалъулъ. 1996 соналъ гьесул къотIи ккана живго бетIергьанаб бизнесалъулъе лъугьине-гьес рагьана **«Хъиргъу»** дармил Рукъ. БакI-бакIазда СагIидбегица рагьарал филиалазул цIар гIадамазда гьоркьоб хехго тIибитIана.



Ресалде вачIун хадуб, жиндие щвараб хайиралъул цIикIкIунисеб бутIа гьес хIалтIизабизе байбихьана гурхIел-рахIмуялъе. Гьес спонсорлъи гьабуна лъайкьеялъулгун культураялъул программабазе,нухалгун кьоял къачIаялъе,мажгитал ва цогидал социалияб кIвар бугел бакIал раялъе. Жиндирго харжалдалъун, СагIидбегица Хасавюрталда бана Исламияб университет. ТIубанго дармил ва гурхIел-рахIмуялъул ишазулъе лъугьараб заманалда (2001 сон), СагIидбег гIумруялдаса ватIалъана.(Аллагьас мунагьал чураги гьев лъикIав инсанасул).

Инсул иш кодобе босана вас Пузайрица. Гьес, инсуца нахъе тараб **«Хъиргъу»** дармил Рукъ сверизабуна империялде. ГурхIел-рахIмуялъулал ишал гьари дагьалъги гIатIид гьаруна Г1узайрица. Рес гьечIел гIадамазе кумек гьабиялда цадахъго, гьесул кумекалъулаб квер щолареб бакI рехсезе захIмат буго.

Пузайрица кумек гьабула рагъулгун захIматалъул ветераназе, сакъатазе, ресалда гьечIезе, спортсменазе ва гь. ц. Гьединго, гьес гIарац биччала социалиял бакIал раялъе.

Бокьун буго Пузайрие ва гьесул тIолабго коллективалъе гьаризе щулияб сахлъи, рохел, хъизаналъулаб талихI ва гьарулел ишазулъ битIккей.

*Х. МухIамадхIабибов, Гуни росу.*

*Инсан ва г1умру*

# ГIунгутIаби камурав чи вукIунаро

ЯчIанила цо гIолохъанчIужу росдал дибирасухъе ва абунила:

- Дуца магьари лъун, данде гьарун рукIана ниж кIиго соналъ цере, гьанже нижер ригьин биххе, - илан.

- ГIилла щиб, дир яс? - ян гIажаиблъанила дибир.

- Цоги руччабазул росал ригьда рокъоре рачIуна, дирав кватIун гурони вачIунаро. Гьеб дида тIокIаб хIехьезе кIоларо, - ян чIванкъотIун лъазабунила гьей гIаданалъ.

- Гьебищха аслияб гIилла? - ян мухIкан гьабунила дибирас.

- ТIадеги щибха цоги букIине кколеб, гьеб гIоларебищ? - ян гьейги гIажаиблъанила.

- Батани, яц, дица метер дур мурад тIубала. Амма бугоха гьелде щвезегIан дуца тIубазе кколеб цо шартI. Метер дие нисдал чедги босун ячIа мун, - ан абунила дибирас, - амма гьелъие дурго рокъоса щибго хвезабуге, къваригIунебщинаб мадугьалзабаздаги, лъалел-хъвалездаги кьезабе.

ТIоцее гьей гIадан нису гьаризе мадугьалалъухъе анила.

- КIиго-лъабгониги гIакаги буго нужер, рокъоб нисогойищ дур гьечIеб? - абун гьикъанила мадугьалалъ. Гьадай гIаданалъги дибирасулгун ккараб хабар бицанила гьелъие.

- Рокъове кватIун вачIин гурони, батIияб багьана-гIайиб гьечIев рос вугей дуени щиб, - абун байбихьанилаха мадугьалалъ жиндирго росасул гIунгутIаби рицине...

Хадуй гьей анила цоги мадугьалалъухъе ханжу гьаризе. Гьелъги гьадабго суал кьунила, гьалъги добго жаваб кьунила. Хадуб гьей мадугьалалъги, дой цоялъго гIадин, жиндирго росасул гIунгутIабазул къвачIа чIехьанила.

Гьединго кканила ханал, нах, риди гьаризе гьай гIадан анщиналъубги.

Щванила нахъисеб къоялъ нисул чедги босун гьадай гIадан дибирасухъе ва абунила:

- Дица кинабго дуца абухъе гьабуна, амма дуца дунги росги ратIа гьаруге. Гьев цогидалщинал бихьиназдаса бищунго лъикIав вуго.

- ЦохIо сордо-къоялда, гьададигIар квешав вукIарав гьев кин лъикIлъарав? - абун гьиманила дибир.

Гьеб сордо-къоялда жаниб ккарабщинабги, щванщинаб бакIги, дол руччабаз жидерго росабазул хIакъалъулъ абунщинабги гьалъги бицанила.

- Гьелеха, яц, - ян абунила дибирас, - гIунгутIаби камурав чи я бихьиназда, яги руччабазда гьоркьор цониги рукIунаро. Цоцазул гIиси-бикъинаб жоялъул бицун, гьеб понцIозабичIого, цоцазда тIасаги лъугьун, цадахъ рекъон гIумру гьабуни, Аллагьги разияб, гIадамазда цебеги гIодорегIанлъулареб гIумру-яшав букIуна щибаб хъизаналъул.

Ункъабго бокIон битIараб къед букIунареб гIадин, ункъабго рахъ рекъарав инсанги вукIунаро. Аллагьас насиб гьабураб къисматалда разилъун, БетIергьанасе щукруги гьабун чIани, гьелда баракат букIуна, - ян лъугIизабунила дибирас гьей гIаданалъулгун бицунеб хабар.

*«Гьудуллъи» журналалдаса босараб. (№1 2019с.)*

## *Спорт-инсанасул сахлъи*

# КватIун байбихьаниги,..

***«(Грэпплинг- спорталъул «гIакъилаб» тайпа. Гьениб аслияблъун къуват кколаро, -аслияб- гугарухъанасул техническияб рахъ)».***



Гуни росулъа СагIид Агъабеков гьавуна 2001 соналъ Шарапдин ва Мадина Агъабековазул хъизаналда. Росдал школалда ичIго классги лъугIизабун, СагIид лъугьана Дагъистаналъул халкъияб магIишаталъул пачалихъияб университеталда цебе гIуцIараб колледжалде. Гьениб СагIидица байбихьана спорталъулгун гьудуллъи ккезе, гьев лъугьана гугарухъабазул клубалде. Спорталъулгун гьудуллъи ккезе кватIун байбихьаниги, къокъаб заманалда жаниб, СагIидица бихьизабуна тренировкабазде (грэпплингалъул) г1адада хьвадулев гьечIеблъи.

2017 соналъ Каспийск шагьаралда тIоритIарал гугарухъабазул къецазда гьесие щвана тIоцебесеб бакI, 2019 соналъул байбихьуда гьес гьеб такрар гьабуна. Гьединго,Дагъистаналъул чемпионаталда гьесие щвана кIиабилеб бакI,МахIачхъалаялда тIобитIараб **«Шагьаралъул кубок»** къецазда СагIидица босана тIоцебесеб бакI ва гьев мустахIикълъана **«Партералъул пача»** абураб цIаралъе.

Дагъал церегIан къояз Москваялда тIобитIараб Россиялъул чемпионаталда СагIидие щвана тIоцебесеб бакI.

РакI-ракIалъ баркула СагIидида щварал бергьенлъаби, гьарула гьесие щулияб сахлъи, рохел, талихI ва жеги тIадегIанал бергьенлъаби.

***Бесират ГIадуева, Гуни росу.***

# Эркенаб гугари



14-16 июналда Шамиль районалъул Г1урада росулъ т1орит1ана,2002-2005 соназ гьарурал г1олилазда гьоркьоб т1оцебесеб бак1алъе г1оло, Дагъистаналъул эркенаб гугариялъул къецал.

Гьенире г1ахьаллъана республикаялъул шагьараздасагун районаздаса ва нилъер М.М.Г1азаевасул МДЮСШялдаса гугарухъаби.

Жиде-жидер ц1айиялда,нилъер г1олилаз гьенир рихьизаруна гьадинал х1асилал:

1. Г1абдулг1азиз Г1абдулг1азизов (2-аб.бак1), 2. Даниял Султанмирзаев (2-аб. бак1), 3. Къурбан Манапов (3-аб.бак1), 4. Назир Шихуев (3-аб.бак1) ва 5. Адам Х1ажимух1амадов (3-аб.бак1).

Призалъулал бак1ал росарал гугарухъабазе гьенир къуна, Шамиль районалъул администрациялъул рахъалдасан,медалал,грамотаби ва къиматал сайгъатал.

Нилъер команда гьел къецазде х1адурана тренерал: А. Качалаевас, И.Г1абдулпатах1овас, А.Г1амиевас, Къ. Давурбеговас ва Х1. Г1умаровас.

***Н.Алиукъаев.***

# *Умумузул роцаби*

Гьанже г1адаб цебе т1ураб промышленностиалъул ва росдал маг1ишаталъул къайи-къоно бичизе - маххул, пластикаялъул, ц1орол, ва гь.ц. ц1адирабиги жанибе т1ощел, ва цогидаб балел роцабиги рук1инч1еб мехалъ, нилъер умумуз х1алт1изарулаан жидецаго х1адурарал ц1улал ва цогидалъул роцаби.

Масала, жанибе т1ощел ва цогидаб базе гьарулаан ц1улал т1аг1елал. Халалъи борцине гьарулаан, гьединго, ц1улал роценал ва цо-цо мехалда гьелъие х1алт1изабулеб бук1ана квер-килщалгун рукь-гъуждул. Гьоркьехун кьолел руго бак1лъи ва халалъи борцине х1алт1изарулел рук1арал роцаби ва киг1анисеб ц1айиялда ва халалъиялда гьел, г1ага-шагарго, данде кколел рук1аралали бихьизабулеб баян.

**Бак1лъи борцунел роцаби**

1. Рат1ал – 2кг. 400гр.
2. Щигат – 1кг. 200гр.
3. Якъия – 1кг. 400гр.
4. Гилавка – 400гр.
5. Мискъал – ц1акъго гьит1инаб ц1айи борцунеб бук1араб роцен.

Умумузул аби батана цо мискъал камун гьеч1оян. Гьединго, щар ч1валей эбелалда яги к1одоэбелалда сверухъ лъугьарал г1исинал лъималаз абулаан «Щар-щар, щигат нахул, рат1ал х1анил, х1ерч родол» абун.

**Жанибе т1ощел ва цогидаб базе гьарурал роцаби.**

1. Къали – 12кг.
2. Рикьи – 6кг. (къолол бащдаб)
3. Къолонилъаб – 4кг. (къолол лъабил бут1а)
4. Г1орто – 3кг. (4 бут1а)
5. Сах1 – 2кг. 400гр. (къолол 5 бут1а)
6. Ченгел – 600гр.

**Халалъи борцунел роцаби**

1. Сажин – 2м. 13см.
2. Г1аршун – 71см.
3. Нат1 – 50см.
4. Рокьоб – 23см. (кверзул к1удияб ва гьит1инаб килщазда гьоркьоб бугеб халалъи)
5. Цедер – 17см. (кверзул к1удияб ва ч1ч1икарулеб килщида гьоркьоб бугеб халалъи)
6. Вершок – 4см.

Баян: Рокьобалда ва цедералда гьоркьоб манзил щивав чиясул кверзул к1одолъиялда бараб буго. Роцен бихьизабун буго rIara- щагарго. Умумузул аби: **«Нилъее чияр ракь х1ажат гьеч1о, амма цо вершокги нилъерабго чияеги кьеларо»**

7. Рукьазул роцен - г1унк1рукьалда ва кверзул т1огьиса килщазда гьоркьосеб роцен.
8. Гьажалазул роцен - гьажалазул бет1ералдаса килщазул т1огьибе бугеб роцен.
9. Гьвалач - г1ебеде рит1арал к1иябго кверalda гьоркьосеб роцен.

**Ч1абар борцунел роцаби**

1. Ар – 100м2
2. Къали хьалеб хур – 500м2
3. Къого къали хьалеб хур – 10 000 м2 (1 га, яги 100 ар).

**Хунзахъ районалъул «Росдал зах1матчи» газеталдаса босараб.**

# *О б ъ я в л е н и я*

Утерянный аттестат №00518001320333 о среднем общем образовании, выданный Гунийской гимназией в 2017 году на имя **Шуайпова Шуайпа Хайрудиновича**, считать недействительным.

---

Утерянный аттестат №3662096 о полном среднем образовании, выданный Ленинаульской средней школой №2 в 2006 году на имя **Магомедгазиева Рината Рамисовича,** считать недействительным.

«Чапар» газеталъул х1алт1ухъабаз зигара балеб буго районалъул ЗАГСалъе нухмалъулей Аминат Г1исаевалда, - имг1ал

**Абубакар (Аци)**

г1умруялдаса ват1алъиялда бан.

---

Къайимлъиялъулгун архивалъул отделазул х1алт1ухъабаз, гьваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго аминат Г1исаевалда, - имг1ал

**Абубакар (Аци)**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Алжан насиблъаги гьесие.

*Бетlерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354 Заказ №248 Тираж 1430 Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*